

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

M-DCPS AP KONTINYE BATI SOU YON FONDASYON SIKSÈ

Nou sèlman nan mwaye ane lekòl 2015-2016 la, e istwa sikse ak inovasyon nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap kontinye dewoule. Avni nou pwomèt e nou kontinye ap ajoute sou yon lis akonplisman lekòl ak distri ki deja remakab. Pandan n ap anbrase eksitasyon ak atant pou yon nouvo ane, se yon bon lè pou nou reflechi sou travay nou te fè ane pase a ki te bon e onorab.

Malgre kantite defi ki te antoure egzamen estandaize yo e yon mank sipò finansye nan men eta a ki ap kontinye, Lekòl Leta Miami-Dade County ak kominote lekòl la te met tèt ansanm pou asire chak timoun gen opòtinite pou reyisi nan salklas. Yon edikasyon nivo mondyal melanje avèk teknoloji ak inovasyon dènye kri vle di nou ap prepare timoun nou yo pou yo antre nan kolèj ak pwofesyon atravè tout tè a.

Nan Lekòl Leta Miami-Dade County, nou reyalize yon bagay ki gen gwo siyifikasyon konsènan Edikasyon ak divèsite enstriksyonèl – "one size-fits-none" (yon sèl mezi pa bon pou youn menm). Lè pou nou mete pwogram akademik konpreyansif e divès disponib pou elèv, nou kontinye reyisi. Franchman, nou fè egzaktman sa pou nou fè. Ann out, nou te ouvè ane lekòl 2015-2016 la avèk lansman 53 nouvo pwogram chwa ak magnet, kounye a nou ka klewonnen pou n di, nou gen plis pase 500 pwogram chwa.

Men se pa sèlman pwogram inovatif ak inisyativ kreyatif nou yo ki distenge Lekòl Leta Miami-Dade County ak lòt distri lekòl yo. Se tou pèfòmans akademik eksepsyonèl elèv yo nan egzamen tankou NAEP, anpil moun rele Kanè Nasyon an, ansanm ak yon to gradyasyon enpresyonan, ki kounye a 78.1 pousan. Daprè done gradyasyon pou 2014-2015 ki soti nan Depatman Edikasyon Florid, elèv lekòl segondè Miami-Dade yo ap gradye nan yon to ki pi wo pase to elèv lekòl segondè atravè eta a.

Ane sa a, nòt NAEP pou elèv M-DCPS yo te pi wo pase mwayèn nasyonal la nan 8yèm ane eskolè e elèv nou yo depase pèfòmans elèv nan gran vil yo nan 4yèm ane eskolè. Nan matyè espesifik, tankou matematik, akonplisman elèv 4yèm ane eskolè yo te amelyore anpil, kòmanse an 2013-2015, nan depase pèfòmans lekòl leta atravè peyi a, e sa fè Miami-Dade vin youn nan sèlman twa distri lekòl ki fè amelyorasyon nan menm peryòd tan sa a.

Malgre defi nou ap konfwonte konsènan dout ki genyen sou validite Evalyasyon Estanda Florid yo, ansanm ak done debaz sou pwogrè nan aprantisaj, pèfòmans elèv nou yo kontinye depase pa lòt distri lekòl ki konparab ak nou yo ak pa Eta a. Komisyonè Edikasyon Florid, Pamela Stewart, te pibliye rezilta yon egzamen esè ki gen "cut scores" (nòt limit) yo itilize pou kalkile Nòt Pèfòmans Lekòl Florid pou 2014-2015. Komisyon Edikasyon an te vote resamman pou sipòte pwopozisyon Komisyonè a sou nòt limit nan egzamen esè a – yon pozisyon ki toude, rezonab e pridan. Done pou Lekòl Leta Miami-Dade County yo te definitiv – M-DCPS depase

pèfòmans Eta a. Baze sou nòt limit yo:

- M-DCPS gen yon pousantaj ki pi wo pase lekòl atravè eta a nan lekòl ki fè nòt "A"
- M-DCPS depase pèfòmans konte Broward, Duval ak Hillsborough nan lekòl ki fè not "A"

Akonplisman sa yo reflekte travay di pwofesè ak elèv fè nan salklas yo ansanm ak sipò paran e kominote yo ki totalman angaje yo kòm patnè nou nan edikasyon. Ansanm, yo se kè ak nanm istwa sikse Lekòl Leta Miami-Dade County. Se yon istwa ki ap kontinye evolwe e nou pap kite defi ki ap vini yo dekouraje nou.

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

M-DCPS PRAL FÈ EKSPOZISYON STEM MIAMI-DADE

Nou atann ap gen plis pase 10,000 elèv, paran, ak manm nan kominote a ki ap vini nan Ekspozisyon STEM Miami-Dade ane sa a, ki ap fèt samdi 6 fevriye 2016 nan Kanpous Nò Kolèj Miami Dade. Ekspozisyon STEM nan se yon rankont elèv kreyatif, entelijan e ki gen anpil ladrès, ki ap fè konpetisyon e demontre konpetans yo nan aktivite STEM. Tèm ane sa a se "Full STEAM Ahead" (Avanse a Tout VITÈS).

You are Cordially Invited to Attend the
Miami-Dade STEM EXPO
Full STEAM Ahead
2016

Saturday, February 6, 2016
8:45 a.m.
Opening Ceremony
Miami Dade College, North Campus
11380 Northwest 27th Avenue
Miami, FL 33167

Artwork by: Sofia Hernandez Grade 8 student South Miami K-8 Center



DIVISION OF ACADEMICS • DEPARTMENT OF MATHEMATICS AND SCIENCE

FWA KOLÈJ NASYONAL LA AP AP VINI MIAMI 21 FEVRIYE ENSKRI DAVANS SOU ENTÈNÈT KOUNYE A!

Reprezantan ki ap soti nan prèske 200 kolèj ak inivèsite ap nan Fwa Kolèj Nasyonal 2016 la nan Miami, a midi pou 4è nan aprèmidi, dimanch 21 fevriye, nan DoubleTree by Hilton Miami Airport & Convention Center, 777 N.W. 72nd Ave. Fwa gratis la ap pèmèt elèv, paran ak lòt manm nan piblik la rankontre avèk reprezantan kolèj yo e jwenn repons pou kesyon yo. Yo pral ofri tou sesyon enfòmasyon gratis sou èd finansyè, planifikasyon ak admisyon nan kolèj, e demand pou egzamen yo. Sant konseye ak òdinatè pral pèmèt elèv yo jwenn aksè sou sondaj karyè ki enterese yo ak enfòmasyon sou preparasyon pou kolèj, admisyon ak bousetid.

Elèv ak fanmi yo ka enskri davans nan www.gotomyncf.com. Pou plis enfòmasyon, kontakte liy enfòmasyon Fwa Kolèj la nan 305-995-1739 oubyen vizite www.nacacnet.org.



200 kolèj ak inivèsite ap soti atravè tout peyi a!

****ANREJISTRE DAVANS**

Mande enfòmasyon sou plizyè kolèj/inivèsite nan Fwa Kolèj la vin pi fasil. Lè yo anrejistre davans, elèv yo ka enprime yon kòd konfimasyon pou yo itilize nan fwa a kòm yon idantifikasyon elektwonik. Pa gen ranpli kat enfòmasyon ankò! Anrejistre davans nan www.gotomyncf.com.

Miami Dimanch 21 fevriye 2016

Midi pou 4è nan aprèmidi
Doubletree Miami Mart Airport Hotel & Convention Center
777 N.W. 72 Ave., Miami, FL 33126
(tou pre S.R. 836 e Milam Dairy Road)

Admisyon **GRATIS** e Sesyon Enfòmasyon **GRATIS**
\$5 pou pakin

Pou plis enfòmasyon rele
305-995-1739

Lendi a vandredi, 8 è dimaten pou 4:30 nan aprèmidi
oubyen vizite www.nacacnet.org

Si w gen yon andikap ki mande akomodasyon, ou ka rele nimewo anwo a oubyen rele "Telecommunications Device for the Deaf (TDD)" (Aparèy Telekomunikasyon pou Moun ki Soud) nan 305-995-2400.

#collegefairmiami



Se Lèkòl Leta Miami-Dade County e
NACAC Asosyasyon Nasyonal Konsèy pou Admisyon Kolèj k ap Patwone Fwa Kolèj la

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

3 fevriye 11:00 dimaten Reyinyon Regilye
9 mas 11:00 dimaten Reyinyon Regilye

DAT POU NOU SONJE

5 fevriye - Jounen pou Mennen Piiti Fi ak Pitit Gason
Nou nan Travay nou
15 fevriye - Fèt Tout Prezidan (All Presidents' Day)
16 fevriye - Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
21 - 25 mas - Vakans Pak

KOMISYON KONSÈY LEKÒL LA APWOUVE KALANDRIYE LEKÒL POU 2016-2017

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade apwouve Kalandriye Lekòl pou 2016-2017 avèk dat 22 out pou kòmanse lekòl pou elèv. Pou plis enfòmasyon vizite, www.dadeschools.net/calendars/.



**MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS
2016-2017 SCHOOL CALENDAR
ELEMENTARY AND SECONDARY**

July 2016					August 2016					September 2016				
M	T	W	T	F	M	T	W	T	F	M	T	W	T	F
				1	1	2	3	4	5				1	2
4	5	6	7	8	8	9	10	11	12	6	7	8	9	
11	12	13	14	15	15	16	17	18	19	12	13	14	15	16
18	19	20	21	22	22	23	24	25	26	19	20	21	22	23
25	26	27	28	29	29	30	31			26	27	28	29	30

October 2016					November 2016					December 2016				
M	T	W	T	F	M	T	W	T	F	M	T	W	T	F
3	4	5	6	7	1	2	3	4				1	2	
10	11	12	13	14	7	8	9	10	5	6	7	8	9	
17	18	19	20	21	14	15	16	17	18	12	13	14	15	16
24	25	26	27	28	21	22	23	19	20	21	22	23		
31					28	29	30			26	27	28	29	30

January 2017					February 2017					March 2017				
M	T	W	T	F	M	T	W	T	F	M	T	W	T	F
							1	2	3				1	2
9	10	11	12	13	6	7	8	9	10	6	7	8	9	10
17	18	19	20	21	13	14	15	16	17	13	14	15	16	17
23	24	25	26	27	20	21	22	23	24	20	21	22	23	24
30	31				27	28				27	28	29	30	31

April 2017					May 2017					June 2017					
M	T	W	T	F	M	T	W	T	F	M	T	W	T	F	
3	4	5	6	7	1	2	3	4	5					1	2
10	11	12	13	14	8	9	10	11	12	5	6	7	8	9	
17	18	19	20	21	15	16	17	18	19	12	13	14	15	16	
24	25	26	27	28	22	23	24	25	26	19	20	21	22	23	
					30	31				26	27	28	29	30	

- New Teachers Report
- Teacher Planning Day
- Teacher Planning Day No Opt
- Legal Holiday
- Recess Day
- Beg/End of Grading Period
- Secondary Early Release
- End of 1st QT/ Secondary Early Release
- Days in Grading Period
 - 1-45
 - 2-45
 - 3-42
 - 4-48

For information on employee opt days, please refer to back of calendar.

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall, Vis Chèmann
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Wilbert "Tee" Holloway
Doktè Martin Karp
Lubby Navarro
Raquel A. Regalado
Doktè Marta Pérez Wurtz

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Logan Schroeder-Stephens
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a
Daisy Gonzalez-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon

